**दिन–बुधवार** **दिनांक–23.09.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पटनामे माता सीताक नामपर महिला विश्वविद्यालय स्थापित कयल जाएत। एकर अतिरिक्त बेगूसरायमे राष्ट्रकवि दिनकरक नामपर सेहो विश्वविद्यालय बनत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षतामे आइ राज्य मंत्रिमंडलक बैसारमे एहि आशयक प्रस्ताव के स्वीकृत देल गेल। मंत्रिमंडलक बैसारमे कुल चौबीस प्रस्ताव पारित कयल गेल।

---

भारतीय जनता पार्टी देशभरिमे संगठन स्तरपर कतेको बदलाव कयलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीनक आदेशसँ ई बदलाव कयल गेल। हरिश द्विवेदीकेँ बिहार भाजपाक प्रभारी नियुक्त कयल गेल छनि, जखनकि संगीता यादव आ रोहन गुप्ता सह–प्रभारी बनाओल गेल छथि। बिहारक कतेको नेता केँ आन–आन प्रदेशक संगठनमे महत्वपूर्ण जिम्मेदारी देल गेल अछि। देवेश कुमारकेँ अरुणाचल प्रदेश आ मंगल पांडेयकेँ असमक प्रभारी बनाओल गेल अछि। निवेदिता सिंहकेँ झारखंडक सह–प्रभारी, राजेन्द्र सिंह आ पिंकी कुशवाहाकेँ पश्चिम बंगालक सह–प्रभारी नियुक्त कयल गेल अछि।

---

जदयू विधान परिषद चुनाव लेल चारि सीटपर अपन उम्मीदवारक घोषणा कऽ देलक अछि। नीरज कुमारकेँ पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्रसँ, जखनकि अभिषेक झाकेँ तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रसँ प्रत्याशी बनाओल गेल अछि। पार्टी सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रसँ आनंद पुष्कर आ दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रसँ घनश्याम रायकेँ उम्मीदवार बनौलक अछि।

---

बिहार पुलिस अवर सेवा आयोग एहि वर्ष सत्ताइस मईकेँ आयोजित दारोगा भर्ती मुख्य लिखित परीक्षा रद्द कऽ देलक अछि। आयोग एहि संबंधमे आधिकारिक सूचना जारी कऽ कहलक अछि जे परीक्षाक नव तिथिक घोषणा अलगसँ कयल जाएत। आयोग अभ्यर्थीसभकेँ आधिकारिक जानकारी लेल आयोगक वेबसाइट देखबाक आग्रह कयलक अछि। विदित अछि

जे परीक्षाक प्रश्नपत्र आ ओएमआर शीट सोशल मीडिया पर वायरल भेलाक बाद परीक्षा रद्द करबाक माँगकेँ लऽ कऽ अभ्यर्थी लोकनि आंदोलन कयने छलाह।

———————————————————————

आयुष्मान भारत–प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना आइ आठ वर्ष पूरा कऽ लेलक। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सितंबर दू हजार अठारह मे झारखंडक रांची सँ एहि योजनाक शुभारंभ कयने छलाह। ई विश्वक सभसँ पैघ सरकारी स्वास्थ्य बीमा योजना बनि गेल अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आयुष्मान भारतक लाभार्थी लोकनि केँ शुभकामना दैत कहलनि जे एहि योजनासँ चिकित्सा खर्चमे रिकॉर्ड बचत भेल अछि आ गरीब तथा मध्यम वर्गकेँ लाभ पहुँचल अछि।

———————————————————————

राष्ट्रकवि रामधारी सिंह दिनकरक आइ एक सय अठारहम जयंती मनाओल जा रहल अछि। अजुके दिन उन्नैस सय आठमे बेगूसराय जिलाक सिमरिया गाम मे हुनक जन्म भेल छल। एहि अवसर पर पटना स्थित दिनकर चौराहापर आयोजित राजकीय समारोहमे राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल–सेवानिवृत्त सैयद अता हसनैन, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी समेत राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य हुनक प्रतिमापर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। ओम्हर, बेगूसराय जिलाक दिनकर ग्राम मे आयोजित श्रद्धांजलि सभामे जिलाधिकारी रिची पांडेय समेत कतेको गणमान्य लोक सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————

आइ राष्ट्रीय आयुर्वेद दिवस अछि। एहि अवसर पर 'स्वस्थ भविष्यक लेल आयुर्वेद' थीमकेँ लऽ कऽ देश–प्रदेशमे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। पटनाक ज्ञान भवन मे आयोजित एक कार्यक्रम मे स्वास्थ्य मंत्री निशांत आयुर्वेद दिवसक शुभकामना दैत प्रदेशवासी लोकनि के आयुर्वेद अपनेबाक अपील कयलनि।

———————————————————————

प्रदेशक कतेको भागमे मॉनसूनी गतिविधिक कारण बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ मधेपुरा, पूर्णिया, सहरसा, समस्तीपुर आ सीतामढ़ी जिलामे कतेको ठाम भारी बरखा हेबाक चेतावनी जारी कयने अछि। एहि क्रम मे राज्यक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भागमे कतेको ठाम तेज हवाक संग बरखा आ ठनका खसबाक संभावना  बनल अछि।

————————————————————————————————

जापानक आइची–नागोयामे खेलल जा रहल एशियाई खेल–दू हजार छब्बीसमे भारतीय खेलाड़ीसभक शानदार प्रदर्शन भऽ रहल अछि। ओलंपिक पदक विजेता मीराबाई चानू आइ महिलाक उनचास किलोग्राम भारोत्तोलन स्पर्धामे रजत पदक जीतलनि। एहि संग एखन धरि भारतक पदकक संख्या बढ़ि कऽ नओ भऽ गेल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सोशल मीडिया पोस्टमे मीराबाई चानूकेँ बधाई दैत हुनक आगांक प्रयास लेल शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————————————————

समाप्त